

CHANJMAN NAN ESPAS POU PAKIN AK KOTE POU VIN CHÈCHE PASAJE NAN AYEWOPO LAGUARDIA

Meera Joshi
Manm Komisyon/Prezidan

Allan J. Fromberg
Afè Piblik
frombera@tlc.nyc.gov

Rebecca Harshbarger
Afè Piblik
harshbargerR@tlc.nyc.gov

33 Beaver Street
22nd Floor
New York, NY 10004

Otorite Pò New York/New Jersey te fè TLC konnen kòmanse jedi 20 me 2018, nan jou anpil moun ap vwayaje pou yon ti tan, estasyon taksi Tèminal B LGA a pral deplase nan ansyen Espas FHV pou Vin Chèche Pasaje ki nan Runway Drive la. Yo pral pran kliyan yo nan estasyon taksi pèmanan Tèminal B a nan yon otobis. Operasyon tanporè sa a pèmèt taksi yo antre nan Grand Central Parkway byen vit grasa yon koneksyon dirèk sou ranp la.

Chofè yo ak kliyan yo dwe veye tout pano ak afich ki afiche yo paske sikilasyon an gendwa chanje.

Chofè taksi ak FHV yo ka kontinye depoze pasaje yo nan Tèminal B.

Chanjman sa a pa afekte zòn pou tann ak vin chèche pasaje pou Tèminal A, C, ak D.

